

Nama :
No. Absen :

SD Negeri 4 Sepanjang
Gondanglegi Malang

Pasinaon 1

A. Maca geguritan gegayutan tokoh

Wacanen geguritan ngisor iki kanthi patitis!

Wacan iki crita salah dijine Wali Sanga miturut tembang rawat-rawat bakul sinambiwara.

Sunan Kalijaga

Dening: Widada Basuki

Raden Mas Said, putra Adipati Wilatikta

Lokajaya, kondhange nalika dadi brandhal linuwih

Seneng ngrampas bandhane wong sugih

Wong cethil sing suthik dedana mbebagi asih.

Bandha rampasan ora dipek dhewe

Nanging didum-dumake

Marang wong sing ora duwe

Lan ora digatekake

Sisane kleyangkabur kanginan pepindhane

Ing sawiji dina

Lokajaya ketemu wong tuwa

Katon memelas ing tengah alas

"He wong tuwa, dakjaluk bandhamu, apa nyawamu?"

Wong tuwa iku mesem grapyak sumanak

"Lokajaya, delengen kalang-kaling kae!"

Sakala kolang-kaling gumebyar rupa mas,

Lokajaya kaget kepati

Lir tinubruk mung luput pindha nirbudi

Lokajaya, yen ing donya iki

Kang kok uber mung bandha donyaku

Bebasane uripmu bakal peteng tanpa lampu

Ooo... jebul kang dakrampog iki wong sekti

Sing pantes dakdadekake guru pribadi

Pepadhane lir sumur lumaku tinimba yekti

Lokajaya meguru sakehing ngelmi

Ing pungkase, Lokajaya njangkepi Wali Sanga

Salin jeneng dadi Sunan Kalijaga

Nyiptakake wayang kalawan gamelan

Kanggo dakwah ing madyaning panguripan.

Kapetik: Saka Tantri Basa Kelas 6

B. Mangsuli Pitakon

Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki!

1. Apa irah-irahane geguritan ing ndhuwur?

2. Sapa penganggite geguritan ing ndhuwur iki?

3. Sapa wae asmane wali sanga iku?

4. Sapa ramane Raden Mas Said iku?
.....
5. Kepriye miturut panemumu watake Brandhal Lokajaya iku?
.....
6. Apa tegese lir tunubruk mung luput?
.....
7. Bocah iki kleyang kabur kanginan. Apa tegese kleyang kabur kanginan?
.....
8. Barang apa dicipta dening Sunan Kalijaga kang isih nganti saiki?
.....
9. Ing babagan apa sing beda tumrap para tokoh ing indonesia iku?
.....
10. Apa sarana kang digunakake dakwahing ing jamane Sunan Kalijaga?
.....